



Pou Piblikasyon Imedya: 28/09/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 50 MILYON DOLA FINANSMAN POU SEKIRITE  
PIBLIK NAN SENPOZYÒM DIVIZYON SÈVIS JISTIS PENAL 2022 A**

***Gouvènè a te mete aksan sou efò sekirite piblik Eta a nan premye senpozyòm sou plas depi twa lane, ki konvoke plis pas 800 lidè aplikasyon lalwa ak jistis penal***

***Eta New York pral investi 20 milyon dola pou nouvel teknoloji pou ajans fòs lòd yo***

***Yon lòt 10 milyon dola pou jiska 5,000 kamera kòporèl, estokaj, lojisyèl, ak ekipman akonpayman pou Depatman Polis yo ak Biwo Cherif yo***

***Yo te distribye 20 milyon dola nan finansman sèvis preliminè bay konte ki pa nan Vil New York yo pou fè pwomosyon sekirite piblik***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 50 milyon dola finansman Eta a pou investi nan nouvel teknoloji ak ekipman pou ajans fòs lòd lokal yo epi sipòte divès sèvis preliminè. 30 milyon dola a ke Divizyon Sèvis Jistis Penal (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la ap jere, ap konsakre pou nouvel teknoloji ak kamera kòporèl pou ajans fòs lòd lokal yo, k ap ede anpeche, diminye krim, epi rezoud krim, epi konstui konfyans nan kominote yo. Anplis, 20 milyon dola ap alwe pou sèvis preliminè nan tout konte ki pa nan Vil New York yo, k ap ede fè plis moun tounen nan tribinal lè li ba yo sèvis ak sipèvizyon. Gouvènè Hochul te fè anons lan jodi a nan Senpozyòm Sekirite Piblik DCJS 2022 a, ki bay yon mizajou sou efò sekirite piblik Eta a epi mete aksan sou 227 milyon dola nan Bidjè ane Fiskal 2023 Eta a pou sipòte aplikasyon lalwa ak inisyativ ki baze nan kominote pou konbat vyolans ak zam epi kenbe Nouyòkè yo an sekirite.

"Administrasyon mwen an angaje antyèman pou bay zouti ke patnè nou yo nan fòs lòd la bezwen, ki enkli pi gwo investisman nan sekirite piblik eta a nan yon jenerasyon: 227 milyon dola," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jodi a, mwen fyè pou anonse 50 milyon dola nan finansman sekirite piblik, k ap ede asire ke tout fasèt sistèm jistis penal la gen zouti ak resous ki nesèsè pou kenbe Nouyòkè yo an sekirite. New York ap franchi yon apwòch konplè nan sekirite piblik, epi lè li investi nan ajans fòs lòd, sistèm tribinal, ak plis toujou, n ap ouvri epi soutni ekosistèm sekirite piblik nou an pou asire ke nou pa sèlman diminye krim men nou anpeche li."

Soti 27 rive 29 septanm, Senpozyòm Sekirite Piblik DCJS 2022 a ap reyini ansanm pwofesyonèl jistis penal yo atravè peyi a nan Albany. Senpozyòm nan ap konvoke kad sekirite piblik yo, estaf kòmand lapolis la, pwokirè yo, ak plis toujou pou pataje ide inovan, estrateji ki baze sou prè, ak mizajou sou refòm lapolis la ak kolaborasyon pou re-envansyon. Senpozyòm ane sa prezante plis pase 70 prezantasyon sou sijè ki soti nan lidèchip, byennèt ofisye, ranfòsman konfyans kominote a ak polis la, pwogram sansibilizasyon nan lari, devlopman ransèyman, ak plis toujou. Gouvènè Hochul te fè remak nan Senpozyòm nan, k ap prezante tou diskou ouvèti Komisè Polis Buffalo a, Joseph Gramaglia, Komisè Polis Vil New York la, Keechant Sewell, ak [Chico Tillmon](#) nan READI Chicago.

**Komisè Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services, DCJS) Eta New York la, Rossana Rosado, te deklare,** "Gouvènè Hochul te travay san rete pou asire ke ajans mwen an, epi pa ekstansyon, depatman polis yo, biwo cherif yo, depatman libète kondisyonèl, pwokirè, ak òganizasyon kominotè yo ke ajans mwen an sipòte, gen resous ak finansman ki nesèsè pou fè travay enpòtan yo. Finansman enpòtan sa de Eta a ap ede patnè lokal nou yo travay nan fason ki pi efisyan ak efikas epi bay resous ki enpòtan anpil pou asire ke moun ki enplike nan lajistis yo resevwa sèvis yo bezwen, k ap amelyore sekirite piblik pou tout Nouyòkè."

Pandan Senpozyòm lan, Gouvènè Hochul te mete aksan ke apeprè 7,000 zam ilegal te sezi pa Polis Eta a ak patnè ajans fòs lòd yo depi janvyè, ke kooperasyon ak kolaborasyon ki ogmante [Gwoup Travay Ant Eta sou Zam Ilegal \(Interstate Task Force on Illegal Guns\)](#) la lakoz. Travay sa — asosye ak investisman rekò nan fòs lòd yo ak òganizasyon kominotè yo pou anpeche epi diminye vyolans ak zam — te ede pwodui rezilta ki enpòtan. Byenke fiziyad atravè peyi a te bese a [apeprè 2 pousan](#), 20 gwo depatman polis ki pa nan Vil New York yo te repòte yon [diminisyon 10 pousan](#) nan ensidan fiziyad yo pandan ui premye mwa 2022 yo pa rapò ak 2021. Buffalo espesyalman te konnen yon bès 36 pousan nan fiziyad yo, Yonkers vini apre ki bese a 27 pousan, Utica ak Long Island bese a 21 pousan, epi Mount Vernon bese a 11 pousan. Anplis, Vil New York te repòte yon [diminisyon 13 pousan](#) nan fiziyad yo.

Gouvènè Hochul te sekirize finansman nan Bidjè Ane Fiskal 2023 a pou teknoloji pou ede depatman polis ak biwo cherif yo anpeche, diminye, epi rezoud krim, patikilyèman krim ki enplike zam. Y ap mete disponib 20 milyon dola nan finansman Eta a ke DCJS jere pou depatman polis ak biwo cherif yo pou investi nan nouvel teknoloji. DCJS ap ouvri aplikasyon pou ajans fòs lòd yo pou demann teknoloji nan mitan desanm, k ap enkli lektè plak lisans, kamera siveyans mobil ak fiks, veyikil ayeryen san pilòt, aparèy deteksyon zam, ekipman entelijan pou patwouy machin ak ofisye, ak lòt kalite ekipman sekirite piblik, k ap sipòte jiska 20 milyon dola nan demann teknoloji. DCJS ap soti tou yon demann enfòmasyon soti 30 septanm rive 18 novanm pou jwenn fidbak depatman polis ak biwo cherif yo sou kalite teknoloji yo bezwen.

Soti 30 septanm rive 2 desanm, DCJS ap soti tou yon demann aplikasyon pou kamera kòporèl ak lojisye ak ekipman ki asosye, tankou estokaj, nan ajans fòs lòd ki pa nan Vil

New York yo. 10 milyon dola nan finansman an ap sipòte jiska 5,000 kamera ak teknoloji ki akonpaye yo. Deplwaman kamera kòporèl sa gen objektif pou amelyore entèraksyon ofisye polis yo ak piblik la epi sèvi kòm yon pati ki entegre nan estrateji pou rezoud pwoblèm ak angajman kominotè yon ajans fòs lòd, k ap ede ogmante konfyans piblik la ak kominikasyon.

DCJS ap distribye tou [20 milyon dola nan finansman sèvis preliminè bay tout konte ki pa nan Vi New York](#). Jan sa te souliyen nan [ajennda politik](#) nan Diskou sou Sitiyasyon Eta Gouvènè a an 2022, finansman sa ap sipòte divès sèvis preliminè, ki enkli depistaj ak evalyasyon, sipèvizyon, yon sistèm jesyon dosye santralize, ak pataj enfòmasyon ki afekte ak sistèm tribinal la. Depatman siveyans ak founisè kominotè yo ap resevwa finansman ki enpòtan pou elaji epi amelyore sèvis ki ranfòse sekirite piblik epi fè plis moun retounen nan tribinal. DCJS bay finansman sa baze sou bès akizasyon nan tribinal an mwayèn sou senk an nan chak konte epi li prevwa avize konte yo de pri yo nan dat 29 septanm.

[Bidjè Ane Fiskal 2023](#) Eta a gen 227 milyon dola pou finanse pwogram ak patenarya inovan ajans fòs lòd ak òganizasyon kominotè yo mete anplas tankou:

- 18.2 milyon dola pou ajans fòs lòd ki patisipe nan [inisyativ GIVE la](#), ki itilize estrateji ki baze sou prèv pou redwi fiziyad epi sove lavi nan 20 kominote nan 17 konte ki pi frappe pa vyolans ak zam yo.
- 15 milyon dola pou [rezo 10 Sant Analiz Krim](#) New York la, ki kolekte epi pataje enfòmasyon ak ransèyman - ki enkli done sou zam krim - pami plis pase 350 ajans fòs lòd eta ak lokal, k ap sèvi kòm yon resous enpòtan pou dekouraje, ankete, ak rezoud krim, tankou krim vyolan ki enplike zamafe. Sant yo ede tou nenpòt ajans fòs lòd sou demann epi nan ane 2021, Sant yo te reponn a plis pase 60,000 demann pou asistans.
- 24.9 milyon dola pou SNUG ak inisyativ kont vyolans ak zam nan kominote a ki itilize yon apwòch sante piblik pou adrese vyolans ak zam: idantifye sous la, entèwonp transmisyon an epi trete moun ki afekte yo nan bay sèvis ak sipò konplè pou abòde twomatiz ki soti nan ekspozisyon alontèm ak vyolans ak zam. Envestisman sa ap sipòte tou, pwogramasyon pou ede reponn ak bezwen debaz jèn moun ki vilnerab yo; epi bay preparasyon pou travay ki baze sou konpetans ak fòmasyon an paralèl, pami lòt inisyativ.
- 2.5 milyon dola pou Biwo Prevansyon Vyolans ak Zam lan nan Depatman Sante (Department of Health) Eta a pou kowòdone efò pou diminye vyolans ak zam, analize done epi sipòte travay sansibilizasyon piblik la.

[DCJS](#) se yon ajans sipò pou jistis kriminèl ki gen plizyè fonksyon epi ki gen divès responsabilite, ki enkli fòmasyon pou fòs lòd yo; koleksyon ak analiz done krim atravè tout eta a; estokaj dosye enfòmasyon istorik kriminèl ak anprent yo; sipèvizyon administratif baz done ADN eta a, nan patenarya avèk Lapolis Eta New York la; finansman ak sipèvizyon pwogram libète kondisyonèl ak pwogram penitansye kominote yo; jesyon finansman jistis penal federal ak eta yo; sipò pou ajans ki gen rapò ak jistis

penal toupatou atravè eta a; ak jesyon Rejis Delenkan Seksyèl eta a (State's Sex Offender Registry). Swiv ajans lan sou [Twitter](#) ak [Facebook](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418